

Kategori: ELÈV

Pibliye: 3/24/2010

Nimewo: **A-415**

Subject: SISTÈM AVÈTISMAN DEPATMAN EDIKASYON NAN KA IJANS

Paj: 1 nan 2

REZIME

Sa a se yon nouvo règleman. Dapre Iwa Eta a, règlemazn sa a tabli yon sistèm kote paran, estaf ak fonksyonè ke yo eli ka bay non yo si yo vle pou resevwa tèks mesaj elektwonik, apèl nan telefòn ak/oswa kourye elektwonik, pou avèti yo lè gen ka ijans.

I. ENTWODIKSYON

- A. Depatman edikasyon *Department of Education* (DOE) pran angajman pou garanti ke paran, estaf ak fonksyonè yo eli okouran evènman ak ensidan ki reprezante sitiyasyon ijans, e ki ka reprezante yon menas pou sante ak sekirite elèv ak estaf nan biling lekòl Vil Nouyòk yo.
- B. Chak lekòl gen yon plan sekirite anplas ki defini fonksyonman nòmal lokal la epi ki tabli pwotokòl ak pwosedi pou swiv lè gen ka ijans nan lekòl la. Anplis, chak lekòl gen yon komite pou sekirite ki reyini chak mwa pou konsidere pwoblèm sekirite ki rive regilyèman, epi pou mete sou pye pwosedi pou sekirite ak estrateji ak pwogram pou prevni pwoblèm ak pou enfòme moun. Dapre Iwa Eta a, pou yo ka bay paran lòt mwayen pou jwenn tou dènye enfòmasyon sou ka ijans nan lekòl, DOE tabli yon sistèm kote paran, estaf ak fonksyonè yo eli ka ekri non yo si yo vle pou resevwa tèks mesaj elektwonik, apèl nan telefòn ak/oswa kourye elektwonik pou avèti yo nan ka ijans.
- C. Paran, estaf ak fonksyonè yo eli ki ekri non yo pou resevwa avètisman elektwonik sa yo ap resevwa enfòmasyon konsènan ensidan sa yo ki ka reprezante yon gwo menas pou sante oswa sekirite gwo kantite elèv ak estaf nan biling yon lekòl anpatikilye.
 1. Lè y ap fè tout moun sòti nan lokal lekòl la ak pou fè elèv yo ale nan yon lòt lokal
 2. Lè gen ensidan ki egzije pou elèv yo rete nan lekòl la apre lè ranvwa regilye ki kòz yo ranvwaye yo anreta
 3. Lè gen ka ijans ki mande pou yo fèmen lekòl
 4. Lè gen reta nan ouvèti lekòl

II. SOUSKRIPSYON

- A. Paran, estaf ak fonsyonè yo eli yo ka ekri non yo pou yo avèti yo nan ka ijans pa imèl, atravè sistèm pou avèti moun Vil Nouyòk ke yo ka jwenn nan sit wèb sa a www.nyc.gov/notifynyc oswa lè yo telefone 311.
- B. Paran, estaf ak fonksyonè yo eli ki deside ekri non yo sou sit entènèt la ka chwazi senk kòd postal kote yo ka voye ba yo avètisman lè gen ka ijans. Kòd postal paran yo chwazi yo dwe koresponn ak kòd postal lekòl kote pitit yo ye. Moun ki ekri non yo sou sit wèb la ka deside pou yo resevwa avètisman nan imèl, nan tèks mesaj ak/oswa nan telefòn.
- C. Paran, estaf ak fonksyonè yo eli ki bay non yo pa telefòn lè yo rele 311, ap resevwa avètisman pa telefòn, yo p ap resevwa avètisman nan tèks mesaj ni nan imèl.
- D. Nenpòt moun ki ekri non yo pou yo avèti yo, ki vle anile oswa sispann souskripsyon yo pou resevwa mesaj ka fè sa si yo swiv pwosedi yo defini nan <https://a858-nycnotify.nyc.gov/NotifyNYC/FAQ.aspx>.

III. AVÈTISMAN

Chak direktè/direktris dwe fè sèten ke koòdonatè/koòdonatris paran nan lekòl pa yo oswa yon lòt moun yo deziyen ki abitye ak pwosesis souskripsiyon nan sistèm pou avètisman lè gen ka ijans.

IV. KESYON

Yo dwe voye kesyon konsènan règleman sa a ba :

Telefòn:
718-610-0266

Director of Emergency Management
N.Y.C. Department of Education
44-36 Vernon Boulevard – Room 600
Long Island City, New York 11101
[Alisa@schools.nyc.gov.](mailto:Alisa@schools.nyc.gov)

Faks:
718-610-0261